



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON APEPRÈ 853,000 DOLA POU DEVLOPE SÈVIS TRETMAN KONT ADIKSYON

### *Yo akòde finansman yo bay founisè nan senk rejyon nan eta a*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te akòde apeprè 853,000 dola nan kad dezyèm faz sibvansyon finansman bay senk founisè atravè Eta New York pou pèmèt yo achte epi itilize veyikil tretman mobil. Objektif inisyativ sa se pou devlope disponiblite ak aksè pou sèvis tretman kont adiksyon nan rejyon ki defavorize nan eta a. Se Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) ki administre finansman an e yo te bay li atravè Sibvansyon Federal pou Reponn a Pwoblèm Opyoyid Eta a (State Opioid Response Grant). Plis pase 972,000 dola te atribye nan premye faz finansman sa, ki rive nan yon montan total plis pase 1,825,000 dola ki atribye.

"Malgre anpil defi ke pandemi COVID-19 aktyèl la koze, nou dwe kontinye rete vijilan nan lit nou kont epidemi opyoyid kontinyèl la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Envestisman enpòtan sa a pou sèvis tretman adiksyon pral ede asire ke nou ap amelyore aksè a swen ak satisfè bezwen tretman tout Nouyòkè yo kèlkeswa kote yo rete, pandan n'ap amelyore apwòch inovan epi ki gen plizyè branch nou an nan epidemi opyoyid la."

"Nou angaje pou envesti nan sèvis tretman atravè eta a pou ede moun ak fanmi k ap goumen ak adiksyon yo," **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Finansman sa pou devlope tretman mobil la ap ede asire gen aksè ki enpòtan nan swen ak sèvis ki nesèsè nan rejyon defavorize yo nan eta a. Nou vle asire nou ke moun yo gen aksè nan resous ak sèvis ke yo bezwen pou pote lasante ak lavi ki sekirize, espesyalman pandan pandemi COVID-19 la, epi kontinye efò nou pou konbat epidemi opyoyid la nan New York".

Pandan kèk ane ki pase yo, Eta New York te devlope kapasite tretman mobil li anpil. Sa te kòmanse an 2017, ak etablisman Sant Inovasyon Tretman Opyoyid (Centers of Opioid Treatment Innovation, COTI) pou sèvi konte ki gen plis bezwen yo nan tout eta a. COTI yo konsantre sou etabli koneksyon ak moun ki afekte pa adiksyon yo, ki pa t gen kontak ak swen anvan oubyen ki pa t kapab soutni rekiperasyon yo pa apwòch tretman tradisyonèl yo. Sèvis COTI yo, ki genyen ladan yo tretman mobil, te ede angaje plis pase 13,000 Nouyòkè nan tretman pa mwayen ki pa tradisyonèl, epi yo te ede founisè yo elaji sansibilizasyon yo nan zòn ki te mal desèvi anvan yo.

**Komisè OASAS, Arlene González-Sánchez, te deklare,** "Rankontre moun kote yo ye a pi enpòtan pase anvan epi nouvo finansman sa a pou bay sèvis tretman mobil yo pral gen anpil valè nan ede devlope aksè ak resous ki ka sove lavi pou Nouyòkè yo ki ap fè fas ak adiksyon. Kriz opioid la asosye ak pandemi an prezante nou yon opòtinite siyifikatif pou chèche plis fason pou elaji pòte nou nan kominote defavorize yo epi pou ede moun ki pa kapab vwayaje a distans akoz mank transpò oswa lòt rezon pèsonèl oswa rezon jewografik".

Founisè nan Eta New York yo itilize de kalite veyikil tretman mobil:

Venn modifiye ki gen kapasite pou bay sèvis oryantasyon endividyèl oubyen nan ti gwoup, ak kapasite pou tele-pratik.  
"Klinik mobil" konplè ak twalèt, espas pou egzamen, kapasite tele-pratik ak kapasite pou bay gam sèvis anbilan yo.

Chak founisè ki resevwa finansman ap bay sèvis nan rejyon ki nan lis la.

### **New York Santral**

- St. Lawrence County Community Services: 225,000 dola

### **Long Island**

- Outreach Development Corporation: 77,800 dola

### **Mid-Hudson**

- Bridge Back to Life Center: 225,000 dola

### **Rejyon Kapital**

- Promesa, Inc.: 100,000 dola

### **Vil New York**

- Promesa, Inc.: 225,000 dola

Depi lè li antre an fonksyon, Gouvènè Cuomo te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud fleyo opyoyid la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak prevansyon total, tretman ansanm ak sèvis rekiperasyon. Pou konbat epidemi sa a, Gouvènè a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasan adomisil, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

An 2016, Gwoup Travay sou Ewoyin ke Gouvènè Cuomo te mete sou pye a, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant rekiperasyon, klèb lojman pou jèn, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè ouvè, k ap bay evalyasyon ak rekòmandasyon pou swen imedyà. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè a swen ki pi pre kote y ap viv la.

Gouvènè a te pwopoze refòm lejislatif ak reglemantè pou pèmèt moun jwenn tretman pi rapid e nan menm nivou kouvèti ke pou swen medikal ak chirijikal yo, lè yo elimine anpil restriksyon asirans, ansanm ak pwojè lwa pou redwi dire pifò preskripsyon pou opyoïd soti 30 jou pou vin sèt (7) jou, ak pwojè lwa pou ogmante opòtinite fòmasyon ak edikasyon pou moun ki gen otorizasyon pou preskri medikaman yo. Gouvènè Cuomo te pran mezi tou pou konbat sèvis koutye ilegal pasyan yo ak sèvis tretman twonpè pou adiksyon yo.

Gouvènè a te travay tou pou ogmante fòmasyon ak disponibilite naloksòn, k ap lakòz plis pase 420,000 moun nan Eta New York resevwa fòmasyon epi k ap ekipe ak medikaman pou ranvèsman sidozaj opyoïd la. Gras a mezi Gouvènè Cuomo te pran yo, kounye a famasi toupatou nan Eta New York yo kapab ofri naloksòn san yon preskripsyon.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou sou 7 nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn tretman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize [Panèl Disponibilite Trètman](#) NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](#) oswa atravè [sitwèb](#) NYS OASAS la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)